




Enfòmasyon pou Fanmi 2014

(Information for Families 2014)

Kisa yon Sistèm Sipò Plizyè Nivo ye? (Multi/Tiered System of Supports?)

MTSS se yon tèm ki itilize pou dekri yon modèl enstriksyon baze sou evidans, ki itilize donne kolekte pou rezoud pwoblèm. Sa va pèmèt entegre enstriksyon akademik ak konpòtman epi entèvansyon. Elèv-yo resevwa yon enstriksyon entegre ak entèvansyon selon diferan nivo entansite, adapte selon bezwen aprantisay chak elèv. Bi-a se prevni pwoblèm epi entèvni bonnè konsa elèv-yo kapab reyisi lekòl.



Kisa ki te rive RtI?

- *Multi/tiered System of Supports (MTSS)* – Sistèm sipò plizyè nivo se yon tèm pi egzat, ki fè referans ak yon ankadreman kontini ki founi epi delivre divès nivo enstriksyon ak sipò konpòtman pou elèv-yo, asistans adapte selon bezwen aprantisay elèv-yo.
- Yo te itilize tèm RtI pou dekri yon ankadreman avèk sipò plizyè nivo.
- RtI dekri katriyèm etap pwosesis plannifikasyon/rezolisyon pwoblèm.
- Yo itilize tèm MTSS pou pwomouvwa yon langaj presi e konstan ki kapab kominike metòd travay Leta Florid.
- Lekòl-yo kapab chwazi deziyen sistèm pa-yo kòm RtI, yon ankadreman eskolè.

<http://www.florida/rti.org/parentResources/index.htm>



A Multi-Tiered System of Supports

Enfòmasyon pou Fanmi 2014

Kisa mwen ka atann de pwogram sipò MTSS?

- Swivi depre pwogrè elèv-la epi resevwa rapò pwogrè regilye epi ajou
- Idantifye bonnè tout pwoblèm akademik oswa konpòtman depi premye siy difikilte manifeste.
- Èd pou pitit-ou va ogmante oswa diminye selon bezwen edikasonnèl pitit gason oswa pitit fi-ou.
- Enfòmasyon ak patisipasyon nan plannifikasyon ak metòd pou delivre entèvansyon k'ap ede pitit-ou.
- Enfòmasyon sou jan pitit-ou ap reponn ak entèvansyon lekòl-la ap founi.

Kisa mwen dwe fè si mwen kwè pitit-mwen gen difikilte lekòl?

- Pale ak pwofesè pitit-ou.
- Revwa epi ede pitit-ou ak devwa li gen pou li fè lakay-li.
- Mande wè rapò pwogrè regilye, ki kontwole pwogrè elèv-la.
- Selebri siksè pitit-ou, lè li reyisi.
- Aprann piplis sou kourikoulòm (pwogram etid), evalyasyon, ak entèvansyon yap itilize kounye-a nan lekòl pitit-ou.
- Patipisipasyon nan konferans (reyinyon) ak lòt reyinyon ki konsènen pitit-ou.

Ki jan mwen kapab patisipe nan pwogram MTSS?

Fanmi jwe yon wòl enpòtan lè li sipòte sa pitit-li ap aprann lekòl. Plis fanmi patisipe nan edikasyon ak aprantisay pitit-yo, plis ranman eskolè elèv-yo amelyore. Poze keksyon pou konnen pi plis sou pwogram sipò MTSS nan lekòl pitit-ou: èske pitit-mwen ap reyisi lekòl? Ki jan m'ap fè konnen sa? Si li pap reyisi, poukisa epi ki sa nou kapab fè diferaman pou ede?

- Si sa nesesè, ki jan lekòl-la va founi asistans adisyonnèl? Kilès ki va ede pitit-mwen? Konbyen fwa? Pou konbyen tan?
- Kisa mwen kapab fè pou m patisipe nan rezolisyon pwoblèm ki konsènen pitit-mwen?
- Lakay, ki jan mwen kapab ede pitit mwen avèk entèvansyon yo?
- Kijan m'ap fè konnen si entèvansyon-yo reyisi?

<http://www.florida/rti.org/parentResources/index.htm>